





ХъахIабросдалги МахIмудилги интернеталда сайт


ЦЕНТРАЛЬНЫЙ ГОСУДАРСТВЕННЫЙ АРХИВ РД

Фонд 21, опись 5, ед.хр.119

| Ценральный ГосАрхив Республики Дагестан | Магома Тайгибил вас.........................50 лет<br>Сыновья его Махмуд.........................14 лет<br>Омар ..........................5 лет<br>Женского пола 1 душа. | Из переписи 1886 года |
|---|---|---|

**МахIмудил гIумруялъул сонал**: Гьавуна I872с.
ИмгIалас жиндаго аскIов Бекьилъ хьихьана ..I876с. Хъвазе -цIализе лъана...I879с
ЦIализе лъугьана цIар рагIарал гIалимзабазда: КъурбангIалида, ХIоцоса МухIамадида ва гь.ц. цеве, ва лъазаруна Къуръан, ХIадисал, Мантикъ, Сарф, НахIю, Фигькъи гIелмаби.....I880с.-I897с.
ЦIали лъугIун дибирлъи гьабизе изну щвана..I897с. ТIоцеесей чIужу ХъахIабросулъа РабигIат ячана…I899с. ХъахIабросулъ дибирлъун хIалтIараб заман...I899-I906с.
КIиабилей чIужу Жамилат ячин ва ЦIатIанихъ дибирлъи гьаби....I907-I909с.
«Эбелги ясги» поэма хъвараб заман...I9I0с.
Муи хъами…I9I3с. РекIаразул полкалде къадилъун лъугьин ...I9I4с. сентябрь
«Почалъул кагътиде керенги чучун» кечI хъвараб заман..I9I4с.
Рагъда лъукъи...I9I5с. I0 январь. «Марям» поэма хъвараб заман....I9I6 с.
БахIарчилъиялъе гIоло «Георгиевский медал» кьуна....I9I6с.
Рагъдаса Дагъистаналде тIадвуссана....I9I7с. декабрь. МахIмуд Игьалив чIвана...I9I9с. сентябрь.



МахIмудилин абун кодобе щвараб цо тIамач



Муил сурат бахъарав чи Халилбег Мусаясул




МахIмудил эмен ТIайгибил МухIума



МахIмудги ЦIатIанихъа Сулиманил МухIамадги




МахIмудилилан рахъарал киналго суратал данде кквезе
лъуна инсул ТIайгибил МухIумил суратгун.





КЛАССИКИ ДАГЕСТАНА

**Алигаджи из Инхо**

Али-Гаджи открыл новую страницу в истории культуры своего народа, сменив уходящую в глубь веков традицию арабо-язычной литературы на самобытные художественные традиции своего народа и положив тем самым начало развитию аварской литературы на родной языковой основе.

**Омарла Батырай**

О. Батырай родился недалеко от Дешлагара в с. Урахи, расположенном в живописной долине, окруженной горами. Первое жизнеописание Батырая, по свидетельству Н. Капиевой, было осуществлено в 1934 г. Ибрагимом Омаровым со слов сыновей Батырая.

**Ирчи Казак**

Полюбив девушку, Казак похитил ее из дворца шамхала — крупнейшего кумыкского феодала.
По настоянию местной знати царские сатрапы без суда выслали поэта в Сибирь

**Махмуд из Кахабросо**

...Умру я, но песню любви неизменной,
Оставлю народу во всей чистоте.
Я верю: влюбленные, в час вдохновенный,
К моей устремятся надгробной плите...

**Гамзат Цадаса**

«Это был самый острый ум современной Аварии, поэт,
убивавший словом врагов нового, мудрец, искушенный во
всех тонкостях народного быта, беспощадный ко всему ложному,
смелый борец с невежеством, глупостью, корыстью...»

**Сулейман Стальский**

Сулейман Стальский — основоположник лезгинской советской поэзии, крупнейший дагестанский поэт, родился в 1869 году в ауле Ашага-Стал в семье крестьянина-бедняка. Рано осиротев, долгие годы скитался на чужбине в поисках заработка.

**Етим Эминь**

Не вздумай в этот лживый мир влюбиться:
Изменчив он,— душа увянет скоро;
Подобна миру женщина-блудница:
Ты полюбил — она обманет скоро

**Тажудин (Чанка)**

Кверазул ишанал, беразул чали,
Шавкъалъ чи виунеб угьулеб х1охьел.
Бахьун чохт1о кьала дир чара хвеэе,
Чирахъул нур г1адаб нодоги лъухьун.

**Фазу Гамзатова**

**Фазу Гамзатовна Алйева** (род. 5 декабря 1932, с. Гиничутль, Хунзахский район, Дагестанская АССР) — аварская поэтесса, народная поэтесса Дагестана (1969).

**Расул Гамзатов**

**ГАМЗАТОВ РАСУЛ ГАМЗАТОВИЧ** родился 1923 г. народный поэт республики Дагестан. Сын Гамзата Цадасы. Поэзию Расула Гамзатова отличают гражданственность, лиризм, склонность к философичности и афористичности, национально-фольклорный колорит...

Классики Дагестана в интернете




**Бищунго санагIат бахъараб жо щибилан гьикъидал, мунагьал чураяв Шамхалил ГIабдулатIипица** абун буго (Аллагь гурхIагийин гьесда) МахIмудги лъаларел, гьесул рекIел хIалги бичIчIуларел чIанда чагIи гьоркьоре лъугьун – битIухъе гьабулеб ишги гъалмагъиралде сверизаби бугилан. РагIи ургъун бице, амма гьереси гьоркьобе биччаге… Кида къадги гьеб тIадго кквезе буго... (ХъахIабросулъа Ражаб ГIабдултIипилгун гара-чIварияхлдаса).

ХъахIабросулъа МахIмудил гьудул Ражабица МахIмудил кучIдул хвезарулел рукIиналъ гьарурал рагIаби.

Рекlел гьудуласул гьарурал кучIдул
Катил маргьа гIадин гьарулел руго.
Гьаваги гIишкъуги рекъон хIалтIарал
ХIурупазул буго батIияб магIна.

ТIад игIраб лъечIого, лъалин хIинкъиялъ
ХIурматалда хъварал алпазахъ балай.
Араб заманаги бачIунеб мехги

Хиял гьабуразе кицилъун тарал.

Таманал рагIаби гIайибал руго
ГIадамазда жанир жендизарулел.
Жинди-жиндиего цIарги къваригIун,
ЦIацIалеб бугеб куц каранзул хIохьел,
Кидаго рекIелъа бахъиларидухъ.
***

**Щура-Буйнакскалда МахIмудица исламалъул гIелму цIалун лъугIидал дибирлъун хIалтIизе экзамен кьеялъул бицунеб буго гьаниб.**

СагIид ГIазизов; "Бакъаниялде МахIмуд Щураве щола, имтихIан кьезе кколеб бакI цIехола, мажгиталда цун бугеб рукъалъул кIалтIа цоги гIадамазда гьоркьове чIола. Мажгиталъусан гьениве вачIунев КъурбангIалида МахIмуд лъала, аскIове ахIула, гьикъа-бакъи гьабула, мурад цIехола. Иргаялда чIараз КъурбангIалие нух тола, гьесда хадувго МахIмудги уна.

Халатаб столалда нахъа гIодор чIун ратарал лъабго херав чиясе КъурбангIалица салам кьола ва тIадеги жубала:– Гьале нилъехъе дибирлъи гьабизе ихтияр босун вачIун вуго ХъахIабросулъа МахIмуд. Гьав вуго нижер рахъалда цIар бугев мутагIилав. Хъвая, НуцалхIажияв гьасие шагьадат – МахIмуд бину МухIамад аль Байзави - виччан те бокьараб росулъ дибирлъи гьабизе.

Цояв херав: – Щибго гьикъичIогойищ ав толев?

КъурбангIали:– Гьикъе дурго жаваб батизе буго хIадураб.

Херав (авги къади):– Бице, дир вас закагIаталъул…

МахIмуд КъурбангIалихъ валагьула

КурбангIали:– Бице, МахIмуд, бице.

МахIмуд:
– Гали лъун, рак бараб дирни хуриса,
Рикьицин щоларо щонщогун цадахъ.
Цакьу гъизтIе инчIеб зурул зонокьа
ЗакагIат гIун буго гIолилзабазе.

Суал кьурав хутIун, лъабавго къади магIу кIанцIизегIан релъула. Гьаракь:– Бокьараб кагъат хIалал буго гьесие. КъурбангIали:– Цойги кIалъазавуни нилъер рагъ багъаризехъин бугин гьас, мугьруги лъе гъолалги расе – лъугIизабе…Босун кагъат МахIмудихъе кьола.

– ХъахIабросдал жамагIаталда дир салам бице, нух битIаги дуе.

МахIмуд:– Баркала нужее киназего.

****

**МахIмудил гьудул ГIахьалчIиса МагIадица бицана гIемерал Мавлидал рукIанин МахIмудил, амма кодоре щвечIин...**

КагIба жаниб бараб росо бихьараб
Бихьилин къойилан къасго дир гьечIо,
КъутIбу тIад рештIараб рокъове щвараб
Сордо букIинилан букIунаро ракI.
***

**ИгьаIиб гьекъарал чагIаз дугIа гьабеян абураб мехал рикIкIарал мухъал:**

Мехтарав чиясе гIадлу гьабиги
ГIадалаб гьоялда тIил кьаби буго.
Гьекъарав чиясе хабар бицинги
Харил гьорда цебе цIа баки буго.
****

...Гьаб дир малълъ гIечIого чIухIун хьвадарал,
ЧIалгIаде гIумру ун гIадада хвела.
ГIакълу босичIого рорчIун араца,
Ахиралде ккедал хачалел курмул.

Рокьуца къакъарал Къайисил васал.
Къан дир гIелмуги ккун ракке ругънаде,
ГIищкъуялъ мерхьарал Мажнунил лъимал
Лъабабго ругIиялъ рачинел нухде...
***
**МахIмуд чияр руччабазухъ валагьун вугин хабар биччараб мехалъ, гьеб хъубуб тIабигIат жиндилъ гьечIолъи бичIчIизабизе абурал мухъал:**

...Дирай дуе йокьун, дирай дуй йокьун,
Рокьийилан гьалда кинан абилеб.
...ЯхI-намус бугев чи, чундул кьуниги.
Чияр руччабазда киса кIалъалев.
КIиябго бадиса канлъи аниги,
Калам цIекI бицарав бихьинчи гуро...
***
...Рукьбузда гьан бакъван къвайги берзул нур,
МугIрузул тIегьилан тIетIел ккурасул.
ТIом ссун керемалда кванайги гьаби,
Канилан цIулги ккун цIа бакарасул...
***
**БахIарчиясул букIине кколеб рагъа-рашиялда абурал рагIаби:**

Хиялал хIорлъани бахIарчиясул,
Лачен бугониги чаларчо лъуна.
Чанай бахъунареб хъокол тIанчIида,
Хъатикьа жо щолеб шунгъар абула.
****
...Хьиндал кIкIалахъ ругел гъутIбузул тIогьол,
ТIинчIаб найица цIун гьоцIо бахъула.
Гьаб дир хIохьелалъул хIурупаздасан,
ХIалуцарал курмул киназго чуче.

Чабхил иццул лъеде дугIаги гьабун,
Гьаглъарал гIадамал руссинарулин.
Васигатлъун араб дир угьдиялъул,
Ургъел бикьун рокьи кьерилаз данд бай.
Кьалде гIищкъу ккарал гIолохъабазул
ГIарза хъвалеб адрес исмудалъ бугеб...
...Гьаб бакIалда къотIун къокъ хабарги тун,
Танкан Бисмиллагь лъе гьоцIо чIикIизе.
ГьечIин тIокIав инсан аскIов ахIизе -
АлхIам цIале тIубан, тIаме ФатихIа...
*****
**МацIихъабазде, къабихIал жасусазе хъварал рагIаби:**

...Илбисул рас бугел мацIихъабазги
ЦIа базе гьабуна гьерсил гъонода,
Гьороца росаял жасусзабазги

Гьоркьоб кьал тӀамуна дир рокьиялда,
Дознание хъвалел хӀакимзабиги
ХӀилаялъе чӀана дир диваналъе...
****

**Къарумал, чияда жахӀда бугел бахилал гӀадамазда абурал рагӀаби:**
Жинда кодоб бугеб карпитул ахӀбар
Какизе лъугьуна кинавгӀаги чи.
Чияр кодоб бугеб чит-капекалде
Киналго угьдула, анищги гьабун...
****

**Къадру-асс бугевги тун магӀишат цӀикӀкӀарасе унел ясазе:**
...Росулъ къадру бугел къабихӀги гьарун,
КъунцӀараб гьой буго, бачун къвалакь ккун.
Къо тӀадегӀанщинал гӀодилелги тун,
ГӀурус бахӀри буго, хӀапдезе тӀамун...
****

**Хиянат гьабурай рагӀи кквечӀей йокьулелде:**
Меседил лъималъул кьерги тӀад гьабун,
Пахьул букӀун буго бицараб рагӀи;
ГӀарцул хъал тӀад жемун, жаниб тӀухьи лъун,
Йижун йикӀун йиго ракӀалъул гьудул.
***

**ЦӀар бахчун кечӀ гьабеян вачӀарав гьудуласе: «Парханиселде»**
...КагӀбаялъул мокърукь накъищлъун хъвазе,
Зарбу бахъун буго,хъван Пиги босун.
Басмаби рахъулел магазинабахъ,
Сакинаб Ри буго маркалъун кьабун.

Килисалъул кӀалтӀа капураб халкъалъ,
Хиян тарих лъечӀеб тун гьечӀо город.
Бер гурин ккелебан найил рукъзабахъ,
Ниян тӀадги хъварал хьаргщал ран руго.

Мусал гӀансидаги Са букӀанилан,
Самирил къисабалъ бихьараб дида.
Сур пулеб мехаца Исрапиласги,
Ссвадилан картӀазда килщал кӀутӀула.

Киналго хӀурупал дандеги гьарун,
Дур цӀар ахӀарас дир рухӀ бахъиладай.
ХъахӀилаб зодихъе воржун анани,
Элъиеги сабаб дур исму буго...
***

**МахӀмудица живго лъазе вукӀин, жиндирго хатӀ-рагӀи хутӀизе букӀинги бичӀчӀун абурал рагӀаби:**
Дунги, йокьулейги, рокьи-балайги
Бицаде хутӀана хал гьабуразе;
Хирияй гьудулги, гьагав дунгоги
Дагъистан кантӀизе кицилъун ккана...

...Рокьуца гӀорцӀичӀел гӀолохъабиги
ГӀемерал гӀодила дир рагӀабазухъ,
ГӀедал рокьи ккарал гӀолил ясалги
ГӀодулел чӀеларо, дир хабар лъани.

Дунго хвананиги халкъалда лъалел,
Къасидатал ругел таманал рокьул.
Ракьулъ вукъаниги къаникь урхъарал,
Къо гӀемер бачӀина гӀолохъабазде…

...Рокьул кьогӀлъи лъараз, гӀищкъул цӀа лъураз,
ЦӀуне дир хӀурупал хӀарп хутӀичӀого.
ТӀад гъолбасги гьабун, Гьиндал къисаби,
Къаникьеги росе, рес рекъанани.

Къайисилгун Лайлал, Карамил Аслил,
Кисралгин Шаринил,ТӀагьиргун Зугьрал.
Шагьсенем, Гъарибил-гӀащикъабазул,
Къокъал жал къисаби диралде данде!

Дол бану ГӀамирил жеги Ахялал,
Хияллъун рикӀкӀана дир хӀал лъалеца.
ХӀатта Къулайбил вас КӀудав Кананги,
Киса эсул гӀищкъу диралде щолеб!

Лубна ятӀалъидал ЗурахӀил магӀу,
Зодил цӀаралдасан цӀикӀкӀананиги.
ЦӀцӀадай магӀу чвахун, хадуб би арав,
Инсан ватиларо кинго дун гурев...
****
**Берцинлъиялъе гьарурал къиматал:**
...Зодил тӀавусалъул тӀанчӀил рачӀ буго,
ТӀун рекъезе гьабун, къуншбалин дуда.
Къубдуз накъищги хъван, хъахӀаб маргъалул
Гъун буго дур нодо, дир гӀакълу ине....

..Лугъат Карамил лъун, китбат Къайсил хъван,
Къалмиде чучула, чара хведал черх;
Хиял Аслил гьабун, Гьиндил цӀар рехсон,
ЦӀад гӀадин чвахула чалухал берал...

Инсан-сурат буго бихьулеб тӀасан,
ТӀад формаги ретӀун, рещтӀараб гӀодой.
ГӀадамал, хӀакъаб жо, хӀурде балагье,
ХӀатӀил лъалкӀ батани, туй гьумералде.

Гьеле инкар бугел балагье лугбахъ,
Бугищ рагӀадали, бакъукь чӀаниги.
Къец ккарал ратани, ратӀлихъ хал гьабе,
Бакъалда матӀулъун данде паркъолеб .

****

**Квешаб гӀамалалда хьвадунгутӀизе руччабазде абурал рагӀаби**

...Жаниб Варакъ хъвараб хъахӀилаб чини,
Хъублъани чуризе дир чара гьечӀо...
...Дуе бокьулареб дир лугбалъ бугеб
Лага къотӀилаан къабуллъиялъе;
Къвал бан чучулаго, мун рекъечӀони,
Берал рахъилаан разилъиялъе...

****

**Балагьалде-ургъалиде ккедал:**

...Дида къварилъиялъ къан буго рачел,
КъотӀун реханиги, хурхун батула;
Къвал жемун, ургъелгун гъара буго дир,
Дун гъаримлъанагӀан, лъола цӀияб рагъ.. .
...Кини таралдаса керен духъ турун,
Таманав кӀекӀана, кӀваричӀо гьанже.

****

**МахӀмудица кечӀ ахӀулароан, рикӀкӀун гьабулаан**, жергъенгӀадин щиб букӀаниги кӀутӀун. Гьес хъумуз- пандур хъван кечӀ ахӀулароан:

Хъумуз-аргьанали нахъегӀанаб жо –
Дицаги рехсечӀо чӀухӀунцин кочолъ!

***

**МахӀмудилги ЧӀанкӀалги кечӀ гьабизе бугеб махщел лъалез гьарулеб букӀун буго жидеего йокьарай чӀужугӀаданалде кечӀ гьабеян.** Гьелъухъ гьезие битӀун ккараз лъикӀаб хъулухъги гьабулеб букӀун буго. Гьел кӀиялго Генуб росулъ мутагӀиллъиялда цӀалулел мехалъ вачӀун вуго гьезухъе жиндирго йокьулелде кечӀ гьабеян цо генусев. ЦӀех-рех гьабидал гьев мискинасул генул цо гъветӀги цо хӀамаги букӀун буго, ва гьесие йокьун йикӀун йиго росасдаса лъимергун яатӀалъарай гӀадан.

ЧӀанкӀаца гӀемерго ургъичӀого абун буго;
...Дур генул гъотӀода хӀапара баяв,
ХӀораб жойищ щвечӀеб бухӀаяб росулъ...
МахӀмудицаги тӀаде жубан буго;
...ХӀамил тӀомалда тӀад как базе ккаяв,
Кинандай вукӀина кини кӀикулев...

****

**Ансадерил гӀансаялде;**

...Гьанже ахиралда ханас гӀунтӀулеб,
ГӀонсода чӀван буго чӀухӀараб ишан.
Игиталъ чабхъаде чуял рацӀулеб,
ЦӀалада хъван буго хъахӀаб цо накъищ...

****

**Бекьилъа Муилги букӀун буго гьунар кечӀ гьабизе.** МахӀмудгун рокьи-кьалалда йигин хабарги биччан гьелъул къимат-ас-къадру хвезабизеян цо-цоял лъугьараб мехалъ гьелъ абурал рагӀаби ругин гьалан бицуна;

...Дарай -къатӀипадул къимат хун бугин,
Къохьол тӀажу бегье дихъе ретӀизе.
Гьанже хӀулиялъул хӀарщ лъугьун бугин,
ХӀотӀол ургу тӀаме дун тӀад егизе...